

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Méthode jeung Téhnik Panalungtikan

3.1.1 Méthode Panalungtikan

Méthode mangrupa hiji rarancang anu disusun sacara sistematis pikeun ngalaksankeun hiji hal. Sangkan ieu panalungtikan meunangkeun data anu lengkep jeung luyu kana tujuan anu geus ditangtukeun. Ku kituna, ieu panalungtikan téh ngagunakeun méthode ékspérimén. Ieu méthode digunakeun pikeun nguji coba téhnik pangajaran urun rempug (Brainstorming), jeung nulis dina prakték nyusun karangan éksposisi. Ku sabab ieu panalungtikan élmu sosial lain élmu murni, jeung dina méthode ékspérimén mah ngagunakeun kelompok kontrol salaku kelompok pangbanding (sedengkeun dina ieu panalungtikan teu maké kelompok kontrol), jadi pikeun ngungkulanna digunakeun méthode kuasi ékspérimén atawa ékspérimén semu (ékspérimén pura-pura).

Pola anu dikembangkeun saperti ieu di handap.

O_1	X	O_2
-------	-----	-------

Katerangan: X = Treatment (perlakuan pembelajaran ngagunakeun téhnik urun rempug)

O_1 = Praté (saacan perlakuan)

O_2 = Pascaté (satutas perlakuan)

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

33

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku dua rupa, nya éta (1) téhnik ngumpulkeun data, jeung (2) téhnik ngolah data.

3.1.2.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta tehnik tes. Téhnik tés digunakeun pikeun ngukur kamampuh ngarang éksposisi siswa. Ieu tés dilaksanakeun dua kali nya éta pratés jeung pascaté. Pratés dilakukeun saacan dilaksanakeun pembelajaran ngagunakeun téhnik dina nulis karangan éksposisi, tujuanna pikeun ngukur kamampuh awal siswa. Sedengkeun pascaté dilakukeun sabada téhnik urun rempug dina nulis karangan éksposisi dilakukeun, tujuanna pikeun ngukur kamampuh ahir siswa satutas perlakuan. Sabada niténan babandingan hasil pratés jeung pascaté bakal katiten éféktip atawa henteuna téhnik urun rempug dina nulis karangan éksposisi pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngarang éksposisi siswa SMPN 1 Karanganunggal.

3.1.2.2. Téhnik Ngolah Data

Pikeun ngabuktikeun hipotésis jeung ngajawab rumusan masalah, data anu geus dikumpulkeun tuluy diolah maké sababaraha prosedur diantaranya, saperti ieu di handap.

1. Hasil pratés jeung pascatés dipariksa jeung dianalisis anu satuluyna ditabulasikeun, tujuanna pikeun mikanyaho rata-rata nilai siswa, standar déviiasi, jeung variansi tina masing-masing kelompok, sarta mikanyaho data kaasup kana normal jeung homogén, ngaliwatan uji normalitas jeung uji homogénitas. Pikeun mikanyaho frékuensi penilaian karangan éksposisi nu nulis ngadéskripsikeun dina wangun tabél.

2. Meunteun Karangan

Dina meunteun karangan aya sababraha katégori nu geus ditangtukeun, gumantung kana jenis karangan anu digunakeunana. Tapi umumna mah sakabéh jenis karangan ngabogaan katégori anu sarua.

Tabél 3.1

Padoman Meunteun Karangan

Kamampuh Nulis	Skor	Tingkat
1	2	3
Kualitas jeung Lingkup Eusi	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Organisasi jeung Tampilan Eusi	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang

	1	Kurang pisan
Gaya Basa	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Wangun Gramatikal	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Éjahan	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Karapihan Tulisan	5	Hadé pisan
	4	Hadé
	3	Sedeng
	2	Kurang
	1	Kurang pisan
Jumlah Skor	30-6	
Peunteun	10-2	

Katerangan:

- 1) Kualitas jeung lingkup eusi

Kualitas jeung lingkup eusi nya éta mariksa gagasan dina hasil nulis karangan éksposisi siswa.

2) Oraganisasi jeung tampilan eusi

Organisasi jeung tampilan eusi hubunganana jeung jumlah runtuyan eusi (runtuyan ide) dina nyusun tulisan.

3) Gaya basa

Gaya basa dina ieu panaungtikan nya éta cara siswa milih gaya sarta tulisan anu merenah dititén tina ngagunakeun kalimah anu éféktip sarta ngagunakeun basa baku.

4) Wangun gramatikal

Wangun gramatikal tulisan ngawengku kalimah anu ditulis ku murid, patali jeung puangsi kalimah ngawengku jejer (subjék), caritaan (Prédikat), salaku unsur anu inti dina kalimah, sarta udagan (Objék), panglengkep (Pelengkap), jeung katerangan (keterangan) mangrupa unsur anu teu wajib aya.

5) Éjahan

Dina ieu panalungtikan éjahan dipuseurkeun dina ngagunakeun hurup kapital, rarangkén, jeung tanda baca.

6) Karapihan tulisan

Karapihan tulisan mangrupa indikator pisik. Tulisan meunang siswa ngagunakeun hurup anu jelas sarta babari kabaca.

Pikeun meunteun karangan siswa digunakeun pedoman meunteun saperti tabél 3.1. dumasar kana éta pedoman, peunteun maksimal karangan siswa nya éta 30. Peunteun anu kahontal ku siswa dirobah jadi skor atah ngagunakeun rumus saperti ieu dihandap

$$\text{Skor atah} = \frac{\text{SkorAnuKahontal}}{\text{SkorMaksimalKarangan}} \times 99\%$$

Pikeun meunangkeun peunteun ahir, kudu ngagunakeun Pendekatan Acuan Patokan (PAP) 99%, saperti ieu dihandap.

$$\text{Peunteun} = \frac{\text{SkorAnuKahontal}}{\text{SkorIdeal}} \times 99\%$$

3. Uji Sipat Data

(1) Uji Normalitas

Uji normalitas ditujukeun pikeun ngayakinkeun yén kamampuh siswa téh mibanda distribusi anu normal. Salaku sarat anu kudu dicumponan pikeun nguji kamampuh dua rata-rata. Pikeun nangtukeun yén data téh mibanda sipat anu normal atawa henteu, bisa ngagunakeun rumus chi kuadrat (X^2).

Saméméh ngagunakeun chi kuadrat, dilakukeun heula léngkah-léngkah saperti ieu dihandap.

- néangan batas-batas interval

Jumlah							

(Arikunto, 2002:287)

- nangtukeun normal henteuna distribusi data ngaliwatan kritéria:

$X^2_{itung} < X^2_{tabel}$ hartina distribusi data normal, tapi upama

$X^2_{itung} > X^2_{tabel}$ hartina distribusi data teu normal

(2) Uji Homogénitas

Uji homogénitas dilakukeun pikeun mikanyaho homogén atawa henteuna variansi sampel tina populasi anu sarua. Pikeun nangtukeun homogén henteuna, nya éta ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap.

- nangtukeun variansi kalawan ngagunakeun rumus:

$$S^2 = \frac{N \cdot \sum f \cdot x^2 - (\sum f \cdot x)^2}{N(N-1)}$$

- hasil tina variansi diasupkeun kana distribusi F kalawan ngagunakeun rumus:

$$f = \frac{S^2_b}{S^2_k}$$

- nangtukeun derajat kebebasan

$$Db = n - 1$$

- nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kriteria

$F_{itung} < F_{tabel}$ hartina variansi sampel homogén, $S^2_b = S^2_k$ tapi, upama

$F_{itung} > F_{tabel}$ hartina data teu homogén

4. Uji Gain

Uji gain dilakukeun pikeun ngabandingkeun rata-rata peunteun pratés jeung pascatés.

No	pratés	pascatés	Σ	D	d^2

5. Uji Hipotésis

Dina nguji hipotésis, kudu ngaliwatan léngkah-léngkah saperti ieu di handap

- néangan béda méan tina pratés jeung pascatés kalawan ngagunakeun rumus

$$MD = \frac{\sum d}{N}$$

- néangan déviiasi masing-masing subjék

$$Xd = d - Md$$

- néangan jumlah kuadrat déviiasi

$$\sum x^2d = d \cdot Xd$$

- ngabuktikeun hipotésis

$$t = \frac{MD}{\sqrt{\frac{\sum x^2 d}{n(n-1)}}}$$

(Arikunto, 2002:27)

3.2 Populasi jeung Sampel Panalungtikan

3.2.1 Populasi

Populasi nya éta sakabéh subjék panalungtikan (Arikunto,2006). Populasi dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas VII SMPN I Karangnunggal taun ajaran 2007/2008, nu jumlahna 225 urang sarta dibagi jadi 6 kelas. Pangna nyokot kelas dua, lantaran geus dianggap wanoh kana karangan éksposisi.

3.2.2. Sampel

Arikunto (2002:109) nyebutkeun yén sampel téh nya éta bagéan atawa wakil tina populasi anu ditalungtik. Ku kituna, ieu panalungtikan ngagunakeun sampel random, nya éta digunakeun pikeun nangtukeun jumlah siswa kelas VII SMPN I Karangnunggal nu dijadikeun subjék uji coba. Cara random dina ieu panalungtikan ku cara nyieun gulungan keretas (undian) anu dijerona ditulisan kelas VII A nepi VII F, jumlah undianna 6, saterusna dikocok nepi ka kaluar sakelas, nu ahirna anu jadi sampel ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas VII F anu jumlahna 32 siswa.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Tés anu digunakeun nya éta pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi jeung pascaté nya éta tés anu dilaksanakeun sanggeus ngayakeun pembelajaran ngagunakeun téhnik urun rempug.

1. Tés karangan Eksposisi

- 1) Warna tulisan: karangan éksposisi
- 2) Jieun karangan éksposisi anu ngagunakeun téhnik urun rempug kalayan téma nu geus ditangtukeun nya éta melak perkembangan dina pot!
- 3) Panjang karangan minimal 4 paragraf
- 4) Komponén anu dipeunteun:
 - a. kualitas jeung lingkup eusi
 - b. organisasi jeung tampilan eusi
 - c. gaya basa
 - d. wangun gramatikal
 - e. éjahan
 - f. karapihan tulisan
- 5) Waktu 45 menit

3.4 Léngkah-léngkah Garapan

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan ngawengku léngkah poko nya éta: 1) tahap tatahar, 2) tahap panalungtikan data, 3) tahap ngolah data, jeung 4) tahap nyusun laporan.

a. Tahap Tatahar, nya éta

Léngkah-léngkah dina tahap tatahar nya éta:

- 1) nyodorkeun judul panalungtikan;
- 2) nyusun rarancang panalungtikan;
- 3) ngayakeun telaah pustaka;
- 4) nangtukeun sumber data.

b. Tahap Ngumpulkeun Data, nya éta:

- 1) ngayakeun obsérvasi;
- 2) ngayakeun uji coba ngeunaan téhnik urun rempug;
- 3) ngayakeun tés ngeunaan kamampuh nulis karangan éksposisi ngagunakeun téhnik urun rempug ka siswa kelas VII SMPN I Karanganunggal.

c. Tahap Ngolah Data, nya éta

- 1) ngalaksanakeun tés;
- 2) mariksa sakabéh data anu geus ka kumpul;
- 3) nyieun papasingan data hasil tés;
- 4) ngajénan jeung nganalisa data hasil tés;

- 5) ngitung skor hasil tés siswa;
- 6) nabulasikeun data;
- 7) nyieun kacindekan hasil panalungtikan.

d. Tahap Nyusun Laporan

Sakabéh data jeung hasil kacindekan ahir tina ieu panalungtikan satuluyna disusun sarta nyoko kana aturan anu aya dina karangan ilmiah. Anu saterusna nyusun laporan anu mangrupa skripsi, laporanana disusun sacara sistematis.

